# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण–गीडा के छत्तीसवां स्थापना दिवस समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के चारि सौ आठ करोड़ रूपिया के विकास कार्य क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइले के सथहीं यूपी स्टेट ट्रेड सो क भी उद्घाटन कइलीं। उहां के ट्रेड सो में लागल तमाम उत्पाद के स्टालन क मुआइना कइलीं आ उद्यमियन के प्रोत्साहित कइलीं। येह मौका पर गीडा में छौ हजार एक सौ ओन्तालीस करोड़ रूपिया क होखे वाला निवेस के खातिर आवंटित कइल गइल पलाटन क आवंटन प्रमाण पत्रो सउंपल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि डबल इंजन क सरकार निवेस क माहौल बनवले हौ।

***आज परिणाम है कि उत्तर प्रदेश के अंदर डबल इंजन की सरकार आने के बाद आज उत्तर प्रदेश में 45 लाख करोड़ रुपए के निवेश के प्रस्ताव प्राप्त होते हैं। 15 लाख करोड़ रुपए के निवेश के प्रस्ताव जमीनी धरातल पर उतारे जाते हैं। 5 लाख करोड़ रुपए के निवेश के प्रस्ताव इसी दिसंबर महीने में हम जमीनी धरातल पर उतारेंगे और लाखों नौजवानों को नौकरी और रोजगार अपने ही जनपद में, अपने ही प्रदेश में आज सुलभ करवाने का एक बड़ा कार्य प्रारंभ हुआ है।***

**********

मकर संक्रांति के मौका पे गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में लागे वाला महसूर खिचड़ी मेला क तइयारी सुरू हो गइल बा। गोरखपुर में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कई गो विभाग के अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के बीस दिसम्बर ले सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहले क निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि खिचड़ी मेला में सरधालुअन क सुरक्षा, सुविधा आ उनकर सहूलियत प्राथमिकता होखे के चाहीं। ई सुनिस्चित कइल जाव कि सरधालुअन के कउनों दिक्कति न होखे। एगो रिपोर्ट–

***तैयारी बैठक के दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने बताया कि मेले का सजीव प्रसारण दूरदर्शन और आकाशवाणी के जरिये किया जायेगा ताकि वे लोग भी मेले में वर्चुटल सहभागी हो सकें, जो किन्हीं कारणों से इसमें शामिल नहीं हो पायेंगे। मुख्यमंत्री ने खिचड़ी मेला में स्वच्छता और सफाई का विशेष ध्यान देते हुए नगर निगम को इसे जिरो वेस्ट इवेंट बनाने का निर्देश दिया है। मुख्यमंत्री ने कहा कि हर वर्ष की भांति इस वर्ष भी श्रद्धालुओं के लिये खिचड़ी मेला स्पेशल ट्रेनों का संचालन किया जायेगा साथ ही विभिन्न मार्गों पर परिवहन निगम के बसों का संचालन भी होगा। समाचार कक्ष से अरूण।***

**********

केन्द्र सरकार सोम्मार से सुरू हो रहल संसद क सीतकालीन सत्र से पहिले बिहने सर्वदलीय बइठकी बोलवले हौ। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू संसद के दुन्नो सदन के नेता लोगिन से मुलाकाति करिहें। बइठकी में सरकार लोकसभा अउर राज्यसभा के सुचारू रूप से चलावे बदे राजनीतिक दलन से सहजोग मांगी। सीतकालीन सत्र पहिली दिसम्बर से ओन्नइस दिसम्बर ले चली। येह दौरान कई गो खास विधेयकन पर चरचा आ ओके पारित भइले क सम्भावना बा।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने सबेरे इग्यारह बजे आकाशवाणी पे मन की बात कार्यक्रम क एक सौ अट्ठाइसवां कड़ी में देस–बिदेस के लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। येह कार्यक्रम के आकाशवाणी अउर दूरदर्शन नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार वेबसाइट आ न्यूज़ ऑन एआईआर मोबाइल ऐपो पर प्रसारित कइल जाई। आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज़, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलों पर एके सोझै प्रसारित कइल जाई। आकाशवाणी से हिन्दी में प्रसारण के बादे क्षेत्रीय भासो में कार्यक्रम क प्रसारण कइल जाई।

**********

ओटर लिस्टि क बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान में गणना फारम भरले आ ओके डिजिटाइज कइले क आखिरी तारीख चारि दिसम्बर हौ। एकरे बदे सज्जो जिला के जिला निर्वाचन अधिकारियन के ओरि से ओटरन से गणना फारम समय से भरि के जमा कइले क अपीलि कइल जा रहल बा। गोरखपुर क जिला निर्वाचन अधिकारी दीपक मीणा कहलें कि गणना फारम में दुइ हजार तीनि से जुड़ल सज्जो जनकारी नहियों हो त जवन जनकारी होखे ओही के भरि के फारम जमा कइ दें। उहां के कहलीं कि गणना फारम जमा नाहीं भइले से ओटर लिस्टि से नांव कटि जाई। येह अभियान में तेजी लावे बदे पीलीभीत जिला में कई गो स्कूल–कॉलेज के छात्र–छात्रा लोगिन की ओरि से आजु जागरूकता रैली निकारल गइल। हमीरपुर में लपरवाही बरतले पर जिला निर्वाचन अधिकारी घनश्याम मीणा बारह पर्यवेक्षकन क तनखाहि रोकि दिहलें त ओहीं श्रावस्ती क जिला निर्वाचन अधिकारी अश्विनी पाण्डेय बढ़ियां कार करे वाले बीएलओ के सम्मानित कइलें।

**********

लखनऊ के सैयद मोदी इण्डिया इंटरनेशनल वर्ल्ड टूर 300 बैडमिंटन चैम्पियनशिप में आजु महिला एकल के सेमीफाइनल में उन्नति हुड्डा हारि गइलिनि। ओन्हें तुरकिये क निस्लिहान एरिन एक्कइस–पनरह आ एक्कइस–दस से हरवलिनि। एकरे सथहीं महिला एकल में भारत क चुनौती खतम हो गइल।

**********